

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throwway this bad sickness comot for our country.

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

Lockdown guidelines don change

After Presidential Task Force for COVID-19 bin look the economy for Nigeria, our social environment and general health matter well well, they con approve Phase 3.1 of lockdown wey dem don dey relax small small for Naija, dem don set am make e last for four weeks when e start from Monday, 19th October, 2020. Wetin e mean be say some lockdown rules go change and pipo go need dey wise to their new responsibilities. The rules wey follow for Phase 3.1 dey below:

A) Nationwide curfew don shift to 12AM – 4AM daily



B) Public area and Hospitals

Na the rules wey dey compulsory for public areas be dis:



1. To dey use face masks



2. Temperature checks



3. Place to wash hand need dey together with hand sanitizers



4. Physical distancing of at least 2 metres need dey



5. No gathering of more than 50 pipo



6. Hospital visit now na for only the immediate family of the patients

C) Travel



1. Leave travel way no dey important



2. Flights don resume



3. Dey go airport early if you wan travel to avoid delay

D) Schools and NYSC



1. All schools to reopen in small by small



2. Government go check the yawa way fit dey and put eye for schools to make sure say dey follow guidelines



3. NYSC camps go reopen with guidelines and safety measures in place

E) Markets and Restaurants



1. No mask, no entry. No mask, no service.



2. No more restriction for days you fit open or how many pipo fit dey your store



3. Restaurants fit open for outdoor service only

F) Places of worship



1. Restricted opening go dey as your state government don talk am.



2. Multiple services dey important make building no full once.

G) Government Offices



1. Operate normal time



2. All staff go resume work, staff below GL 12 fit dey do alternate-day attendance.



3. Heads of Ministries and agencies go decide the office capacity way dey safe for them staff.

H) Private Offices



1. Maintain normal time.



2. Decide office capacity way safe pass.



3. Follow the compulsory safety measures.

I) Exercise and Entertainment




1. Restriction don comot for contact sports.



2. Use of parks for physical activities don dey permitted.



3. Sporting leagues fit resume for stadiums without them fans inside stadium



4. Event centers with outdoor space fit open.



5. Gyms and cinemas fit open at half capacity.




6. Hotels go remain open and make dem dey observe compulsory safety measures.

J) Elections



1.No mask, no voting.

K) Bars and Clubs



1.Go still dey closed.

YEYE TORI



COVID-19 na scam for government to embezzle money

Coronavirus don go, NCDC no longer dey report cases

COVID-19 fit spread through insect bite

Cold weather fit kill di novel coronavirus

COVID-19 vaccine no go dey safe

VS



TRUE TORI

Even though corruption allegations dey for this COVID-19 donation matter, coronavirus still dey infect pipo for Naija and for the world; with over 60,000 cases confirmed for Nigeria as of 24 October, 2020.

NCDC put pause for der social media activities as sign of respect to pipo wey die for the recent violence for Naija. Dem don resume testing and reporting on COVID-19 for their website: <https://covid19.ncdc.gov.ng>

No evidence dey to confirm say COVID-19 fit spread through insect bite or if e fit transmit through blood.

There is no reason to believe that cold weather can kill the new coronavirus or other diseases. The normal human temperature remains around 36.5 to 37 degrees Celsius regardless of external temperature.

Good reason dey to be careful about any new vaccine or treatment. But the reality be say, before dem approve vaccine, e must follow three phases of testing to prove say e dey safe and effective. Dem don dey test the top COVID-19 vaccine options for large-scale trials with thousands of people.

According to PTF, the next stage for COVID-19 response na:

- To dey monitor the effect of re-opening of schools and airports for international travel;
- To help states to dey develop and improve sample collection centers;
- To continue to dey engage states wey get low sample collection rate to do better;
- Surveillance go dey increase across country together with testing of new rapid test kits;
- To dey monitor how the 32 states and FCT dey use the funds wey dem give dem to tackle COVID-19.

Looting of COVID-19 palliatives for Naija

Following the End SARS protests for di country, we don see say plenty cases of looting of warehouses for Naija; warehouses wey contain COVID-19 palliatives wey carry seal of CACOVID, wey be private sector companies wey unite against COVID-19 for Naija. CACOVID bin contain 111 companies as of 25th October 2020.

Warehouses wey dey discover COVID-19 palliatives for inside dey for: Lagos, Osun, Kwara, Ondo, Plateau, Kaduna, Cross River, Edo, Delta, Anambra, Yobe and Taraba.

CACOVID bin announce early on 6th of August 2020, say dem dey share 23 billion Naira worth of food palliatives to cover 1.7 million households wey amount to about 10 million pipo across the 774 local governments for Naija, plus Abuja join. Handover of food items to Lagos state for example, worth 1.4 billion Naira, bin dey confirmed on 22nd of September, 2020 and e suppose be for 107,564 households for that state.

State governments don give different reasons why dem delay distribution of palliatives to their indigenes.

Lagos state government don yarn say the looted warehouse for Maza maza no be the state own am and state government bin start to dey repackage the food make dem account for the pipo wey suppose collect; they come talk say distribution stop because of the End SARS protests. Kwara state government don yarn say the looted palliatives for cargo terminal wey dey Ilorin suppose be for special vulnerable groups and dem don already dey gather names for distribution when yawa gas.

Osun state government don talk say dey bin dey wait for official flag-off for distribution from CACOVID office for Abuja.

CORONAVIRUS UPDATE FOR NAIJA AT AS TODAY - 25/10/2020

61,992

CONFIRMED CASES

1,130

DEATHS

57,465

RECOVERED

612,154

TESTED